



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN MWA FYÈTE A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 33.5 MILYON DOLA ENVESTISMAN POU SIPÒTE KOMINOTE LGBTQ+ NEW YORK LA**

***Investisman 20 milyon dola nan lojman pou granmoun aje LGBTQ+ yo -- enkli 5 milyon dola spesyalman pou lojman ki afime sèks ki sipòte kominote trans lan***

***Mete aksan sou 12.5 milyon dola pou Mize LGBTQ+ Ameriken an nan Sosyete Istorik New-York, yon mize inik ki dedye a istwa ak kilti LGBTQ+ la***

***Anonse agrandisman Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan ak Non-binè Lorena Borjas la a 3 milyon dola ak 1 milyon dola nan finansman prevansyon swisid pou jèn trans yo***

***Li bati sou Lejislasyon k ap mennen nan nasyon an ki te fèk adopte pa Gouvènè a pou fè New York tounen yon refij ki san danje pou moun trans yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse disponibilite 33.5 milyon dola pou ogmante sipò pou Nouyòkè LGBTQ+ yo, ki gen ladan investisman adisyonèl nan kominote transjan, non binè ak kominote sèks ki pa konfòme yo ki agrandi epi bati sou pwogrè Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan ak Non-binè Lorena Borjas la. Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan 20 milyon dola pou pwojè lojman pou granmoun aje ki afime LGBTQ+, 5 milyon dola ladan yo se espesyalman pou pwojè lojman ki afime sèks ki sipòte moun transjan, sèks ki pa konfòme, ak moun non binè yo. Investisman an gen ladan tou 12.5 milyon dola pou ede Mize LGBTQ+ Ameriken (American LGBTQ+ Museum) an sekirize yon nouvo kay pèmanan nan Sosye Istorik New York (New-York Historical Society) la, ansanm ak 1 milyon dola nan finansman prevansyon swisid lakay jèn yo pou sipòte Nouyòkè TGNCNB yo.

"Pandan lòt eta ap travay pou bafwe dwa moun LGBTQ+ yo, New York angaje plis pase anvan pou pwoteje, sipòte, ak leve kominote sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan swen sante mantal rive nan lojman sipò, administrasyon mwen an ap travay san pran souf pou jwenn solisyon konplè pou abòde inegalite ak enjistis Nouyòkè LGBTQ+ yo ap fè fas epi nou pral kontinye travay pou abòde defi inik kominote trans, non binè ak sèks ki pa konfòme yo ap fè fas."

Anons jodi a mete aksan sou 20 milyon dola ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la ki pral disponib pou pwojè lojman ki afime LGBTQ+ atravè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la, 5 milyon dola ladan yo prale espesyalman pou pwojè lojman ki afime sèks ki sipòte moun TGNCNB. Finansman sa a rekonèt ke granmoun LGBTQ+ Nouyòkè yo fè fas ak defi diferan nan jwenn aksè ak lojman abòdab ki afime epi souvan yo gen enkyetid konènan move tretman founisè lojman yo ansanm ak vwazen yo.

Ogmantasyon sa a ogmante fon ajans eta a k ap sèvi kominote TGNCNB a 3 milyon dola pou ane fiskal 2024 la, ki bati sou Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan ak Non-binè Lorena Borjas la. Finansman adisyonèl sa a, ki reprezante yon ogmantasyon 50% nan alokasyon ajans eta yo pou pwogram enpòtan sa a, pral vize ajans kominotè k ap travay pou diminye risk swisid pou jèn Nouyòkè TGNCNB yo nan yon moman enpòtan paske dènye rechèch yo sijere to swisid la pami moun transjan yo apeprè twa fwa edmi paas to popilasyon jeneral la.

Bidjè ane fiskal 2024 Gouvènè Hochul la gen ladan tou 7.5 milyon dola nan finansman kapital pou ede Mize LGBTQ+ Ameriken an sekirize yon nouvo kay pèmanan. Mize LGBTQ+ la pral lokalize nan Sosyete Istorik New-York la, k ap okipe dènye etaj yon nouvo pavyon ki gen plizyè etaj k ap devlope kounye a. Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul te anonse yon lòt prim 5 milyon dola pou Sosyete Istorik New-York la atravè pwogram Sibvansyon pou Amelyorasyon Gwo Kapital Konsèy Eta New York la. Sibvansyon NYSCA a pral sipòte pwojè agrandisman k ap kontinye ak kreyasyon Mize LGBTQ+ la, ki prevwa ouvri an 2026.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "HCR fyè pou l jwe yon wòl nan efò liè nasyonal sa a pou konstwi sou angajman Gouvènè a pou sèvi ak pwoteje Nouyòkè TGNCNB yo epi pou investi nan dwa pa yo pou yo genyen yon bon jan kalite lojman ki jis epi ki satisfè bezwen yo. Bay lojman pou moun sa yo pral chanje lavi epi ede fè New York vin yon kote ki pi an sekirite epi ki pi ekitab pou tout moun ka rele lakay yo."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare,** "OMH fyè pou l sipòte Nouyòkè transjan ak sèks ki pa konfime yo, ki malerezman fè fas ak yon risk depresyon itilizasyon sibstans, ak swisid ki pi wo. Gras a lidèchip solid Gouvènè Hochul, OMH ap travay pou asire ke tout rezidan Eta nou an, epi patikilyèman moun ki pa te jwenn ase sèvis nan tan pase, gen aksè ak swen sante konpòtmantal yo bezwen an."

**Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Mara Manus, te deklare,** "Pandan New York jwe yon wòl esansyèl nan istwa kominote LGBTQ+ la, NYSCA kontan anpil pou l kapab sipòte kay Mize LGBTQ+ Ameriken an nan Sosyete Istorik New-York la ak finansman kapital. Tout lavi nou anrichi ak ranfòse lè nou selebre kominote nou yo epi rekonèt istwa endividyèl, idantite ak kilti pa yo. NYSCA aplodi Gouvènè a pou angajman li demontre pou li pwoteje sante ak byennèt kominote LGBTQ+ la."

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li travay ak Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins ak patnè Asanble nou yo pou bay priyorite ak bezwen kominote LGBTQ la nan bati sou Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan ak Non-binè Lorena Borjas la epi asire plizyè milyon dola pou nouvo Mize LGBTQ+ Ameriken an nan distri Sena mwen an, pou ede asire ke yo pa janm bliye istwa kominote nou an. Ak moun LGBTQ yo y ap atake nan mezon eta yo atravè peyi a, mwen fyè dèske New York kanpe solid ak kominote nou an."

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Kreye yon mize ki dedye a istwa ak kilti kominote LGBTQIA+ la se enkanasyon valè New York yo. Pandan lejislati eta yo atravè peyi a ap prezante epi adopte kèk pati lejislasyon ostil ki retire dwa kominote LGBTQIA+ la, Eta New York kontinye rete yon refij pou tout moun. Mwen fyè dèske mwen te fè pati efò ki pote siksè sa pou jwenn finansman ki nesèsè anpil nan bidjè eta ane sa a pou premye mize LGTBQIA+ pèmanan, ki pral loje nan Sosyete Istorik New-York la nan distri Asanble mwen an. Lè nou etabli yon sit kote moun atravè mond I ka eksplòre epi aprann sou mouvman dwa omoseksyòl yo, nou pral onore eksperyans ak defi kominote sa a te rankontre pandan n ap selebre pèsèverans ak reyalizasyon yo. Mize sa a pral tounen yon pwèn fyète, non sèlman pou vil nou an ak eta nou an, men pou tout kominote LGBTQIA+ la."

**Direktris Egzekitif nan NEW Pride Agenda a, Elisa Crespo, te deklare,** "Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan ak Non-binè Lorena Borjas la te lanse kòm yon apèl pou pase alaksyon pou finansman ak ekipe òganizasyon ekite yo k ap sèvi vas kominote Transjans ak Sèks ki pa Konfòme solid New York k ap agrandi a. Jodi a, fon an se yon investisman milti-ajans, ki gen plizyè milyon dola ki pral sipòte òganizasyon yo k ap travay pou amelyore sante ak byennèt kominote nou an. Nou kontan ekspansyon fon an nan Biwo Sante Mantal Eta a - yon fòm swen kominote nou an te bezwen anpil. Nou pa ka tann avni fon an, pandan n ap travay pou nou atake plis pwoblèm sosyal ak ekonomik k ap ravaje kominote nou an. Nou aplodi lidèchip eta nou an paske li travay an patenarya pou fè investisman entansyonèl sa a vin yon reyalite."

**Direktè Egzekitif Equality New York la, Amanda Babine, te deklare,** "Sezon fyète sa a te yon sezon istorik. Gras ak Gouvènè Hochul jen sa a, nou te adopte yon kantite lejislasyon rekò pro-LGBTQI isit la nan New York, ki se opoze a sa k ap pase nasyonanman."

**Melissa Sklarz, Direktè Politik Equality New York la, te deklare,** "Fyète 2023 rive nan fen li nan apiye sou reyalizasyon ak siksè anvan yo. Mwen rekonesan anvwè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa Abri ki an Sekirite pou Trans (Trans Safe Haven) lan ki raple tout moun New York pral kontinye tounen yon flanbo ki klere pou moun trans ak fanmi pa yo. Mwen rekonesan pou lejislati a paske li kontinye finansman Fon Sante ak Edikasyon Lorena Borjas la, ki pote ekite nan travay trans yo atravè eta a. Fyète gen pou wè ak liberasyon ak jistis, men nan sant lan, nan New York, toujou gen yon gwo kantite lajwa."

**Lynn Faria, Vis-Prezidan Egzekitif SAGE, te deklare** "Sipò Gouvènè Hochul demontre anvè kominote LGBTQ+ la atravè plizyè jenerasyon se yon pilye siyifikatif pou mwa Fyète a. SAGE bat bravo pou Gouvènè a pou angajman li pou ankouraje devlopman plis lojman abòdab pou granmoun aje k ap akeyi LGBTQ+ atravè eta a. Trajikman, pyonye aje LGBTQ+ New York yo fè eksperyans nivo ensekirite finansye ak enstabilite lojman ki elve. Avèk sipò enpòtan sa a nan men Gouvènè a, plis moun aje LGBTQ+ pral byento kapab jwenn aksè ak lojman ki an sekirite ak afime pou granmoun ke yo merite anpil."

**Ben Garcia, Direktè Egzekitif Mize LGBTQ+ Ameriken an, te deklare,** "Finansman sa a pou premye mize istwa ak kilti LGBTQ+ eta nou an se yon deklarasyon klè pou Nouyòkè yo, ak moun ki pral vizite atravè peyi a ak mond lan, ke istwa nou yo enpòtan. Li se yon investisman pa lidè eli nou yo nan nosyon ke jèn LGBTQ+ ak fanmi yo merite espas kote yo ka konekte ak sa jès ansestral epi fè li avanse."

**Doktè Louise Mirrer, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sosyete Istorik New-York la, te deklare,** "Nou trè rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul te pran anvè travay nou nan Sosyete Istorik New-York la pandan n ap kontinye pataje istwa LGBTQ+ la ak yon odyans ki pi laj atravè ekspozisyon nou yo ak pwogram yo. Finansman kapital resan Eta New York la se yon pati enpòtan nan pwojè ekspansyon nou an pandan n ap bati yon nouvo pavyon, ki pral akeyi Mize LGBTQ+ Ameriken an anba twati nou an."

**Direktris Egzekitif Lesbian, Gay, Bisexual & Transgender Community Center, Glenda Testone, te deklare** "Sant la kontan anpil pou l onore Mwa Fyète ak Gouvènè Hochul, Senatè Holyman, Manm Asanble Bronson, ak anpil patnè kominotè, lè li deklare avèk antouzyasm Eta New York se yon refij pou jèn trans ak fanmi pa yo. Pandan kèk pati nan peyi nou an tounen rejte jèn LGBTQ+ yo pi plis chak jou, Eta New York ap pran mezi enpòtan, afimatif pou satisfè bezwen aksè an sekirite ak resous ki afime sèks yo. Nou pa ka tann pou nou bati sou siksè sezon Fyète sa a pou n fè yon New York pou nou tout."

Avan Mach Fyète anyèl ane sa a nan Vil New York, Gouvènè Hochul siyen yon nouvo lwa revolisyonè ki fè New York tounen yon "refij asire" pou kominote transeksyèl la lè li asire New York pral pwoteje jèn transeksyèl yo, paran yo ak doktè yo ak yon lòt lwa ki pwoteje dwa yo pou yo resevwa tretman pou adiksyon ak reyabilitasyon. Gouvènè a te siyen touletwa nouvo lwa ki mete ajou dokiman legal nan New York pou retire tèminoloji demode ak estigmatizan.

An desanm 2022, Gouvènè Hochul te siyen yon pake lejislatif pou adrese disparite nan swen sante nan kominote LGBTQ+ la. Lè yo pèmèt jèn ki sove epi ki sanzabri ki poko gen 18 ane yo pran pwòp desizyon sou swen sante yo (lejislasyon A.9604/S.8937) epi pi byen ekipe enfimyè ak asistan sante enfimyè ak adomisil yo pou travay avèk popilasyon LGBTQ+ yo (lejislasyon A.1880A/S.2534A), lwa sa yo te elaji pwoteksyon nan anviwònman swen sante yo pou moun ke yo idantifye kòm LGBTQ+. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon ki egzije ke nenpòt kontra asirans ki bay pwoteksyon pou

medikaman sou preskripsyon gen ladan kouvèti pou depans PrEP ak PEP — de zouti enpòtan pou anpeche pwopagasyon VIH.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418